



Pou Piblikasyon Imedya: 09/03/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

NAN KONTRANDI SOU CORONAVIRUS LA, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ETA A AP BAY DEZENFEKTAN POU MEN ABAZ ALKÒL POU MOUN NEW YORK YO GRATIS

Eta a Ap Pwodui Jiska 100,000 Galon Dezenfektan pou Men Pa Semèn Epi Distribye nan Kominote ki Pi Afekte ki Gen Gwo Risk yo ak Ajans Eta yo

Gouvènè Konfrime 37 Ka Adisyonèl Nouvo Coronavirus nan Eta New York - Ki Bay Yon Total 142

Depatman Sante ak Depatman Edikasyon NYS Ap Soti Gid pou Lekòl Ki Gen Elèv Tès yo Pozitif pou Coronavirus la

Gouvènè a Ap Voye Bidjè Konje Maladi Peye a Bay Lejislati a ki pou Pwoteje Espesyalman Moun ki Rete Lakay yo ki Pa Ale Travay Paske Yo nan Izolman oswa nan Karantèn Akoz Coronavirus la

Li Egzòte Gouvènman Federal la Apwouve Itilizasyon NY Presbyterian pou Teste Coronavirus Eta a; Se sou Ensistans Gouvènè a FDA Te Apwouve Northwell pou Fè Tès Yè Swa

Pandan yon kontrandi sou coronavirus la, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a eta a ap bay dezenfektan pou men ki abaz alkòl pou Moun New York yo gratis Pou ede konbat ogmantasyon pri epi asire ke Moun New York yo gen aksè ak metòd prevansyon vital sa, eta a ap pwodui 100,000 galon dezenfektan pou men chak semèn nan boutèy 1.7 oz, 7 oz ak galon. Y ap mete dezenfektan pou men disponib pou rezidan yo gratis, e se kominote ki pi afekte epi ki gen gwo risk yo ki genyen ladan yo kominote New Rochelle ak ajans eta yo, pami yo MTA, ke y ap priyorize nan distribisyon an.

Gouvènè Cuomo konfime tou 37 ka coronavirus siplemantè nan Eta New York depi dènye mizajou li a nan dimanch, ki ramne tout eta a nan yon total 142 ka ki konfime.

Gouvènè a te anonse tou Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health) ap travay ak Depatman Edikasyon Eta New York (New York State Education Department) pou soti gid pou lekòl ki gen elèv, pwofesè oubyen lòt anplwaye tès yo pozitif pou coronavirus la. Dapre politik la, lekòl yo ap fèmen pou yon peryòd inisyal 24 èdtan si tès yon elèv oswa yon pwofesè oubyen nenpòt lòt anplwaye nan lekòl la pozitif pou coronavirus la. Sa ap pèmèt lekòl la dezenfekte, epi pou Eta a fè yon evalyasyon sou sityasyon an epi pran yon desizyon pi devan nan distri lekòl patikilye sa.

Anplis, Gouvènè a ap voye yon pwogram pwojè lwa bay lejislati a jodi a pou bay konje maladi peye pou Moun New York k ap travay yo epi pwoteje espesyalman sila yo ki bezwen rete lakay yo ki pa ale travay akoz yo nan izolman oubyen nan karantèn akoz coronavirus la.

"Akoz kantite ka konfime coronavirus la kontinye ogmante, detayan san skripil yo ap eksplwate enkyetid Nouyokè yo konsènan virus la epi chaje yo pri ki elve pou dezenfektan pou men ak lòt pwodui ki menm jan", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pou rezoud pwoblèm sa, eta a ap produi epi deplwoye dezenfektan pou men nan zòn ki gen gwo enpak ansanm ak lekòl, MTA ak lòt ajans gouvènmantral yo paske ou pa ka jwenn li sou mache a e pwodui ki disponib la chè anpil. Pi gwo pwoblèm nou genyen nan sitiasyon laperèz sa, se pa viris la pou tèt li, e m ap raple chak moun yon lòt fwa ankò pou konsantre sou reyalyte yo paske reyalyte yo pa garanti nivo enkyetid n ap obsève a."

Nan total 142 moun nan Eta New York tè s yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Westchester: 98 (16 nouvo ka)
Vil New York: 19 (7 nouvo ka)
Nassau: 17 (12 nouvo ka)
Rockland: 4 (2 nouvo ka)
Saratoga: 2
Suffolk: 1
Ulster: 1

DOCCS, atravè endistri koreksyonèl li yo ke yo rekonèt kòm Corcraft, ap pwodui yon fòmil abaz alkòl ki rekoni pa Òganizasyon Sante Mondyal la (World Health Organization) e li te kòmanse pwodiksyon an nan Etablisman Koreksyonèl Great Meadow la nan Comstock, Konte Washington, semèn sa. Atravè efò kontini sa, Depatman an ap an mezi pou pwodui jiska 100,000 galon dezenfektan pou men pa semèn. Corcraft, ki pwodui plizyè douzèn pwodui, itilize pwosesis fabrikasyon an pou ede misyon jeneral depatman an pou prepare prizonye yo pou liberasyon yo nan devlopman kapasite, etik travay, respè ak responsablite.

Gouvènman lokal k ap chèche jwenn plis stòk dezenfektan pou men ta dwe travay ak Jesyonè Ijans Konte yo a ak Depatman Sante lokal yo pou soumèt demann dirèkteman nan NY Responds (NY Reponn), sistèm ki baze sou entènèt eta a ki pèmèt gouvènman lokal ak ajans eta yo soumèt epi pataje enfòmasyon vital ki gen rapò ak ijans ak demann pou resous.

Dapre sa ki rapòte, kèk detayan chaje anviwon 10 fwa sa pifò detayan chaje pou dezenfektan pou men. Sou eBay yon pake ki gen senk boutèy dezenfektan pou men 2.5 ons Germ-X t ap vann pou 500 dola - pa konparezon, Walmart te ofri de boutèy 30 ons Germ-X sou entènèt pou mwens pase 8 dola.

Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè a (Department of Corrections and Community Supervision) te kòmanse yon nouvo pwotokòl depistaj COVID-19 pou vizitè pou chak etablisman koreksyonèl 52 Eta yo pou ede evite entwodiksyon COVID-19 la nan etablisman Depatman an. Lè vizitè yo rive nan etablisman an, y ap mande yo yon

seri kesyon konsènan nenpòt maladi oswa sentòm yo ka genyen aktyèlman; vwayaj deyò Etazini nan semèn ki pase yo, ki enkli pa manm fanmi yo; ak nenpòt ekspozisyon dirèk ak yon moun yo te dyagnostike ki gen coronavirus la nan semèn ki pase yo.

Komisè Pa Enterim DOCCS Ian Anthony J. Annucci te deklare, "Ant ogmantasyon demann ak ogmantasyon pri k ap fèt kounye a sou mache a, gen yon bezwen reyèl pou dezenfektan pou men pou rezidan New York yo. DOCCS fyè pou reponn a apèl pou aksyon Gouvènè a e pou n fè pati pa nou pou stope pwopagasyon COVID-19 la atravè eta a".

Yè swa, Gouvènè a te anonse Laboratwa Northwell te otorize pou fè tès sou otorizasyon itilizasyon ijans Wadsworth la. Tès manyèl 75 a 80 echantiyon pa jou te kòmanse nan Northwell, men fason pou teste otomatik la toujou bezwen apwouve pa administrasyon federal la pou laboratwa a ka konfime plizyè milye tès pa jou. Anplis, Lopital NY Presbyterian la prè pou kòmanse fè 50 a 60 tès pa jou depi li resevwa apwobasyon federal pou fè tès. Jodi a ankò, Gouvènè a te egzòte administrasyon federal la pou apwouve itilizasyon tès coronavirus eta a pa laboratwa prive, tankou NY Presbyterian.

Ti konsèy prevansyon ki soti nan Depatman Sante Eta New York la:

Byenke pa gen vaksen kont nouvo coronavirus la, mezi senp sa yo ka ede sispann pwopagasyon sa ak lòt viris respiratwa yo:

- Lave men ou souvan ak savon ak dlo pandan omwen 20 segonn. Si pa gen savon ak dlo ki disponib, itilize dezenfektan pou men ki abaz alkòl.
- Evite touche je, nen ak bouch ou avèk men ki pa lave.
- Evite kontak pre ak moun ki malad.
- Rete lakay ou lè ou malad.
- Kouvri tous ak etèniman ou ak yon papye, apre sa jete papye a nan poubèl.
- Netwaye epi dezenfekte objè ak sifas ou touche souvan.

Depatman Sante a gen plis enfòmasyon sou COVID-19 la:

<https://www.health.ny.gov/diseases/communicable/coronavirus/>

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)